



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APEPRÈ 11 MILYON EXCELSIOR PASS LIVRE
JISKAPREZAN, RAPLE NOUYÒKÈ YO POU REKIPERE EXCELSIOR PASS PLUS
YO**

***Apeprè 11 milyon Excelsior Pass livre jiskaprezan, gen ladan plis pase 4 milyon
Excelsior Pass Plus***

***Kòm opsyon kalifikasyon vaksinasyon ak tè s ki pi resan ak pi solid, apati 30 jen,
sèlman Excelsior Pass Plus ap disponib, pandan Excelsior Pass ap ekspire***

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran Excelsior Pass Plus gratis yo a [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke plis pase 10.9 milyon Excelsior Pass te livre jiskaprezan. Kòm premye platfòm nan nasyon an ki kontinye evolye pou satisfè bezwen Nouyòkè yo, epi piske modèl Excelsior Pass orijinal yo ekspire, Eta a ap raple Nouyòkè yo pou yo rekipere opsyon kat (Pass) ki pi resan ak pi solid la, Excelsior Pass *Plus*.

"Pandan Nouyòkè yo kontinye travèse moman difisil sa yo, eta nou an kontinye dirije nasyon an avèk solisyon ki odasye ak transfòmasyon", **Gouvènè Hochul te deklare**. "New York pral kontinye itilize teknoloji dijital pou pi byen reponn ak bezwen popilasyon n ap sèvi a. Mwen ankouraje tout Nouyòkè ki enterese pou jwenn Excelsior Pass *Plus* yo jodi a".

Excelsior Pass *Plus* la—opsyon kat ki pi nouvo ak pi konplè a—se yon kopi sekirize, dijital yon dosye vaksinasyon COVID-19 yon moun, ki, kòm yon dosye, pa ekspire. Valide pa Eta New York ak konstwi sou estanda ki ouvri, ki kapab mache nan plizyè sistèm ke plis pase 23 Eta Etazini, Pòtoriko ak Kanada ap itilize kounye a, Nouyòkè yo ka itilize Excelsior Pass *Plus* yo nan lokal sa yo ak lòt kote, kote yo aksepte Kat Sante SMART. Pass *Plus* la gen ladan tou yon dòz rapèl oswa adisyonèl, osi lontan yo rekipere li twa a kat jou apre yo fin administre li. Menm jan ak Excelsior Pass, gen yon tè s negatif Pass *Plus* ki disponib tou.

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Menm jan ou t ap byen pran swen Kat Vaksinasyon CDC papyè ou oswa lisans chofè ou, chak Nouyòkè dwe rekipere ak konsève Excelsior Pass *Plus* yo. Bay moun yo aksè dirèk nan enfòmasyon sou sante yo pèmèt yo jwe yon wòl aktif nan desizyon ki gen enpak sou sante ak byennèt yo.

Mwen bat bravo pou kolaborasyon kontinyèl la - atravè yon pakèt ajans Eta New York - ki sèvi ak inovasyon teknolojik pou amelyore sante piblik".

Lanse nan mwa mas 2021 kòm premye sistèm kalifikasyon COVID-19 nan peyi a, okòmansman Excelsior Pass te kreye pou akselere re-ouvèti ekonomik New York pandan li te bay Nouyòkè yo aksè dirèk nan enfòmasyon sou vaksen ak tès yo. Dapre oryantasyon federal ak Eta a, tout Kat Vaksinasyon Excelsior yo te satisfè definisyon CDC pou vaksinen konplètman. Jan sa endike nan pi resan oryantasyon CDC a, ke Depatman Sante Eta New York respekte a, moun nan eta yo ta dwe rete ajou ak tout vaksen yo rekòmande yo. Apati 30 jen, Excelsior Pass *Plus*, avèk fòm ki baze sou dosye li yo ak kapasite adisyonèl yo, pral sèl kalite kat (Pass) ki disponib pou Nouyòkè yo. Deja byen etabli ak itilize, gen plis pase 4 milyon Excelsior Pass *Plus* yo te livre jiskaprezan.

Premye Direktè Adjwen Divizyon Bidjè, Sandra Beattie, te deklare, "Devlopman premye sistèm kalifikasyon COVID-19 nan peyi a te enpòtan pou Eta New York ak Nouyòkè yo. Bati teknoloji ki san danje ak sekirize ki bay atravè entèfas aksesib ak elegan se yon bagay gouvènman eta a kapab, epi yo ta dwe, fè plis. Depi nan kòmansman an, platfòm Excelsior Pass ak aplikasyon New York State Wallet te fèt pou evolye selon bezwen rezidan yo, epi tou de zouti yo te fè sa nan chak etap. Antanke yon dosye dijital dirab, Excelsior Pass *Plus* pèmèt Nouyòkè yo kenbe enfòmasyon sou vaksen yo ak tès yo pandan y ap pèmèt Eta a konsidere solisyon moun yo bezwen annapre yo - epi pral gen plis ankò k ap vini".

Aprè lansman Excelsior Pass, Eta New York te lanse aplikasyon Excelsior Pass Scanner pou biznis yo. Jiskaprezan, gen plis pase 215,000 telechajman aplikasyon Scanner ki te fèt, sa ki reprezante itilizasyon atravè plizyè santèn milye biznis ak òganizasyon ki te itilize zouti a pou sipòte aktivite re-ouvèti yo.

Nan mwa out 2021, Eta New York te lanse Excelsior Pass *Plus*, ki elaji plis itilizasyon pou Nouyòkè yo, ki gen ladan opòtinite vwayaj ak komès. Pou kenbe menm karakteristik sekirite ak konfidansyalite rijid yo, Pass *Plus* ki mete ajou a kreye kòm yon dosye sante dijital, ki fèt apati Kad Kat Sante SMART yo. Soutni atravè patenarya Eta a ki gen renome nan monn lan ak Inisyativ Kalifikasyon pou Vaksen yo rekonèt globalman, Excelsior Pass *Plus* te sipòte New York nan dirije devlopman yon seri estanda pataje, amonize ke eta yo te adopte depi lè a nan tout peyi a, teritwa tankou [Pòtoriko](#), ak peyi, tankou [Kanada](#). Eta New York te travay avèk chak antite pou asire konpatibilite ak akseptasyon kalifikasyon yo atravè fwontyè yo.

Direktè Teknoloji ak Direktè Ajdwen Enfòmasyon nan Eta New York, Rajiv Rao, te deklare, "Aplikasyon New York State Wallet la ak achitekti solisyon Excelsior Pass la te ak kontinye poze baz pou yon Eta dijital ki pi djanm ak pi rezistan. Chak jou, solisyon sa yo sèvi moun yo san echèk. Pandan n ap konsidere rekipasyon New York apre pandemi an, nou dwe kontinye pouse limit sou fason enfòmasyon klinik ak sèvis gouvènman yo livre. Avni Eta New York pa sèlman gen enfrastrikti, men li gen enfrastrikti dijital, ki bati pou sipòte bezwen rezidan aktyèl ak emèjan yo".

Pandan Eta a kontinye ap evolye ak elaji platfòm Excelsior Pass la, gen plis sipò yo te ofri bay lòt eta ak antite yo pou akselere devlopman solisyon ki kapab mache nan plizyè sistèm. Nan dat 2021 oktòb la, Gouvènè Hochul [te anonse](#) disponibilite [Pwogram Excelsior Pass Eta New York la](#) - ki se premye estrikti nan peyi a pou asiste lòt eta ak gouvènman yo nan devlopman sètifika sante nimerik, ki baze sou platfòm Excelsior Pass ak solisyon Excelsior Pass *Plus*.

Tout Nouyòkè ta dwe vizite [epass.ny.gov](#) pou rekipere Excelsior Pass *Plus* gratis yo. Nouyòkè yo kapab genyen tout Kat yo elijib pou yo epi paran ak responsab yo ka genyen Kat pou timoun yo ki gen mwens pase 18 ane. Kat yo ka elimine nan aplikasyon New York State Wallet la nenpòt kilè.

Nouyòkè yo ka aprann plis sou Excelsior Pass ak Excelsior Pass *Plus* la nan [paj FAQ la isit la](#).

Pou telechaje Pwogram Pass Excelsior Eta New York la, vizite lyen an [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418